

Pembantoe sareng agen:
 Priangan koelon Bestuur Pasoendan Bogor.
 di Tjandjoer Bestuur Pasoendan Tjandjoer.
 Priangan tengah H. B. Pasoendan Bandoeng

SIPATAHOENAN

Soerat Kabar Minggoean dikaloearkeun koe Tjabang Pasoendan Tasikmalaja.

Ditjiek di Soekapoera druckarij Tasikmalaja.

Pembantoe sareng agen:
 Priangan wetan Bestuur Pasoendan Tjamis.
 Djawa wetan Bestuur Tjabang Pasoendan Soerabaja.

LANGGANAN.
 3 sasib f 1,50
 Dibajar ti pajen. Salambar 15 sen.

Redactie:
 Heerenstraat 31.
Administratie:
 Stationsweg 33 Tasikmalaja.

Redakteur:
SOETISNA SENDJAJA
ATMAWINATA
 Redakteur di Batawi
SOERADIRADJA.

Directie Administratie:
 Bestuur Pasoendan Tasikmalaja

Pangasos ADVERTENTIE:
 1/10 katja f 2,50 }
 1/20 " f 1,50 } Sakali moeat
 Langganan langkoeng mirah.

Artos langganan, kwartaal kaopat 1926 ping 1 Desember mah oelah lepat enggal kintoenkeun. Moegi dimamah bae sing asak, Sipatahoenan sanes koran noe modalna malioenan.

Panoehoen ti Redaksi.
 Dina lebah paketrok pikiran, dina reboet bener, panoehoen oelah bade kaloeur tina „fatsoen“ (kascapanan). Karangan noe kitoe taja panginten tiassa ditampi.
 Red.

Redaksi nampi Bewara ti Hoordbestuur.

Djrg. O. Soebrata parantos njeratan ka toean J. E. Stokvis, lid Volksraad. Njaroskeun katjotjogan pag. Pasoendan kana motie andjeunna di Volksraad pikeun ngaleungitkeun „Posnale Sanctie“.
 Hoordbestuur parantos nampi serat ti Hoofd van de Post-Telegraaf, en Telefoondienst, noe ditawis koe Toean J. Correljé, ngawaler kans panoehoen Pasoendan hal ngajakeun hulpostkantoor di Parigi atawa Tjidoelang.
 Tjeuk dina serat, ajenna keur diparios heula. Lantaran ngadamel statistik sagala roepi, djadi tangtos aja sasihna. Kekengingan mariksa tangtos engke dibedjakeun ka Pasoendan.

Dessa autonomie.

Pihartieunana ieu ketjap dessa, aptonomie soegan dina basa Soenda mah dessa marentah sorangan. Oepama nendjo ketjapna mah, nja ugeunah kadengena, dessa geus bisa marentah sorangan geus rada merika tjeuk djaman ajenna mah meureun. Tapi ja Robbi, na ari ngadenge kabueburat oerang dessa mani benter ari nepi ka matak bidjilan tjipanon mah. boeboehan laki, kengker-kengker oge.
 Tapi bener ripoehna oerang dessa teh cepama dibandingkeun djeung djelema noe tjitjing di kota. Ah, meureun tjeuk oerang kota bohong oerang dessa hiroepna leuwih ripoeh atawa leuwih beurat ti bataan oerang kota? Nja bisa djadi di kota sagala roepa mahal babakoena dahareun djeung imah, tapi ari dina kabueburat ka Goepermen mah tjeuk koering beurat keneh oerang dessa. kadjeun teuing djoemlahna beubeunangan ti oerang dessa sadessa-desana teu sabaraha reana.
 Oepama dibandingkeun djeung beubeunangan ti oerang kota. Eta beuratna teh ari oerang dessa mah sagala roepa teh koedoe ditanggoeng koe somahan bae. Oepamana di dessa koedoe aja djalan. Toeloe; dessa teh njiun eta djalan da karasa keperluanana Eta djalan teh dipigawena atawa diongkosanana koe oerang dessa eta bae, toerta eta djalan tatjan poegoe pikeun kaperloenanana oerang dessa eta bae. Nja kitoe deui dina njiun sasak. Beda deui djeung Gemeente mah oepama rek njiun djalan atawa sasak gede koe Goepremen dipaparin soebsidie. Ari dessa mah atoran soebsidi-soetsidi kitoe teh kakara rek diajaan.
 Ka hareup dessa dina njiun roepa-roepa seperti djalan, sasak noe ka-

limbang keur kaperloean djelema rea koe Regenteschap (Kaboepaten) bakal dibere soebsidi. Ieu teh bakal keneh tjing kabajang teh ieu maksod sing laksana, sing kadjadian di oenggal kaboepaten. Djeung oelah saentik-entik teuing mere soebsidina teh, sing saperti Goepremen mere soebsidi ka Gemeente bae. Eta meureun ti mana Kaboepaten ngajakeunana eta deoit, da moal hade narik padjeg deui mah ti somahan. Nja satoengtoeng tatjan aja oeroesan babagian deoit (financieele verhouding) antara Lokale reessor-ten djeung Pamarentah mah, taja deui kadjaba ti sluitpost begrooting Kaboepaten rada digedean. Loerzajan rada aja oge pangharepan matja dina verslag Volksraad, oetoesan Pamarentah tina perkara Decentralisatie njarion, ari perloe-perloe teuing mah sluitpost begrooting Kaboepaten koedoe digedean Pamarentah rek ngabantoe. (de Regeering zal haar medewerking verleenen.) Ngan sigana dina taos 1927 mah lgagedean sluitpost soepaja Kaboepaten bisa mere soebsidi ka dessa rada gede teh, moal bisa kadjadian, lantaran memeh bogrooting Kaboepaten dibarempoegkeun koe Raad Kaboepaten aja bedja ti Rengrengan Oetoesan (College van Gedeputeerde) jen sluitpost tahoen 1927 koedoe saroes djeung sluitpost tahoen 1926. Komo ka Kaboepaten noe ngirimkeun rarantjang begrooting noe tatjan di barempoegkeun ka Rengrengan Oetoesan mah, menta soepaja sluitpost oelah digedean teh rada di-oejakeun.
 Koemaha tjeuk rasa kaadilan adil oepama sluitpost begrooting Kaboe-paten digedean pikeun mere soebsidi ka dessa-dessa? Tjeuk koering mah adil, sabab oerang dessa roepa-roepa padjeg oge majar ka Goepremen. Oepamana bae padjeg pangasilan, padjeg harta benda (bener henteu rea), padjeg sawah laudrente padjeg hoofdgeld (noe bakal ditjaboet badjana mah). Tapi oerang dessa rek mere pangasilan ka loerah djeung sasaka dessa noe sedjen koedoe oeroenan deui, teu tjara gadjih burgemeester di kota bade dibere koe Goepremen. Mending di dessa noe aja sawah tjarik keur loerah, tapi di dessa-dessa noe taja sawah tjarik mah katjida karasa beuratna koe somah ngajakeun pirang-pirang oeroenan, kajaning oeroenan keur loerah, oeroenan poendoeh, oeroenan sasak, oeroenan djalan oeroenan bale desa oeroenan masigit dj. s. t. Mani karoenja ka loerah djeung sasaka dessa ari geus heseun narik oeroenan teu meunang lantaran noe djadi somahna lain teu daek majar tapi teu koeat majar (niet zoozeer uit cnwil, maar uit onmacht) Malah sawarah loerah mah sok meung-peun tjarang ka somah noe miskin noe dikeunaan oeroenan, lantaran boga tanah sabata doea bata. Tara di-datangan ditagih oeroenan da tjarek wiwiliunganana karoenja, komo ari katendjo kamiskinanana lain meunang oeroenan ti somah noe kitoe mah, anggoer oetjoel tina sakoe saketip mah.
 Koe ngoerangan kabueburatan oerang dessa teh djadi pangdeudeul pisan ka Pamarentah pikeun nambahan kasantosanana nagara, soepaja djelema-djelema oelah daraek resepteuing ka noe lain-lain.
 Djeung tjeuk koering mah koerang adil kaajaan, ajenna teh. Tjaba bae koe majar doea tiloe roepa padjeg ka Goepremen, tapi Goepremen teu mere perdjagaan poelisi noe eujaan, boektina kana ronda oerang dessa koedoe oeroenan deui, djeung oeroenanana teh dibandingkeun djeung kakoeatanana (draagkracht) oerang dessa mah gede. Ngan ieu atoran oeroenan ronda

atjan didjalankeun di oenggal desa, biasana mah ngaronda teh pili genti bae djeung batoer-batoerna oerang desa deui.
 Enja kae aja veldpoelisi tea mah, tapi da teu oenggal desa didatangan koe veldpoelisi oenggal peuting, atawa didjaga dipenting koe veldpoelisi. Noe matak koering njoehoonkeun ka Pamarentah Agoeng enggal koerangan kabueburatna somah-somah oerang dessa.
 A. Dubé.

Narima pimoerideun keur OSVIA.

Dna Sipatahoenan bareto geus aja noe noelis, nembongkeun pamanggihna hal sakola meak (Osvia). Njaritakeun, kaperloenanana Osvia koedoe dirobah kaajaanana.
 Meureun geus pada terang, pamarentah ngangkat hidji komisi, noe koedoe naloengtik, koemaha eta sakola koedoe dirobahna; kitoe deui pada terang, pamarentah geus ngangkat deui hidji komisi, noe koedoe njeun terplan (sagala roepa, naon noe koedoe diadjarkeun), kalawan ngingetkeun beubeunanganana (laporanana) komisi noe ti beula.
 Komisi terplan ajenna geus njang-kaerun laporanana ka Departement Onderwijs, dibarengan koe minderheidsnota lid eta komisi, Djrg. Soejo-
 no.
 Maksod koering lain rek njempad atawa nambah atawa ngomean terplan noe diadjar koe komisi; taja potana; tina-balaka bae teu kabontal, malah teu kaadjoeng-adjoeng atjan.
 Djadi . . . roepa-roepana vak noe rek diadjarkeun, teu ngaborongkeun noe palinter. Mangga masing rek nepi ka diadjar ngoekir langit oge, asal noe engkena njah ka kaom koering, kaom Marhaen, daek noengtoen, sabar henteu lengoes, teu ardigoe, haok hampreng pop-lotot, koedoe hampoeraan tjiudekna noe disaboet koe kolot adil palamarta. Menak noe kitoe koe koering bakal dipoendjoeng, dipoedja-poedja. dipigoesti lahir batin.
 Sakali deui, lebah roepa-roepana noe rek diadjarkeun teu tiassa pipiloeun. Ngan aja saroepe, eta dina narimana pimoerideun.
 Ari narimana pimoerideun ka Osvia teh doea kali: Mimiti saheulaenan ka Mulo, ti dinja tetep (definitief) ka Mosviba (pingaranan Osvia sanggeus dirobah: Middelbare opleidings-school voor Inlandsche bestuurs ambtenaren).
 Dina pilihan ka doea kali caib (candidaat Iul. bestuurs ambtenaar) koedoe noe oemoerna atjan 21 taoen, dina rapportna nja basa Walanda nja basa Malajoe, nja basa sorangan, (sanda-taal) koedoe meunang 6. Djadi pilihan kadoea kalina teh sanggeus meunang eindexamen Mulo, kitoe deui bisa menta soep ka Mosviba dina sanggeusna aja di Mulo tusschentijd-sche aanwijzing.
 Adjaman komisi, voorstelana ka pamarentah (Dir. O. en E.), noe dika waakeun nampa pimoerideun teh toean Resident atawa Gouverneur noe ngabawah Mulo atawa Mosviba. Moerid ti Tasik noe bajang soep ka Mosviba diasoepeunana ka Mulo teh koe resident Bandoeng, oepama rek ka Mulo Bandoeng.
 Tah ieu lebah dieu teu ngarti teh, bet siga aja bijzondere toelating-nga-soepeun noe loear oiaa ka Mulo: pedah keur ka Mosviba. Toean resident noe narimana oge.

Kapan eta haroedak noe kaloeur ti H. I. S. (Sakola Walanda) koedoe meunang katerangan ti Kepala sakola bisa henteuna neroeskeun pangadjaran di Mulo, teroes aja henteuna tempat di Mulo. Ari ieu geus ti mimiti ditangtoeun koe Resident at. Gouverneur bakal ditampa. Karisi sok sieun nja eta atoech, ma-loem bae djoeragan, Marhaen teh sok sieun koe bedja asa baliwat dina ngasoepkeunana pendekna teu tjotjog.
 Kabajang kieu: dimana baroedak geus soep Mulo, ti barang boes ditanja, saha noe hajang ka Mosviba sarta ditjaritakeun eischen-na, moerid noe koemaha noe ditarima.
 Perloe ditanja ti mimiti, lantaran diwadibkeun koedoe diadjar Malajoe djeung basana sorangan tea. Dimana noe bajang leuwih ti lobana noe koedoe ditarima, koedoe sina sa-men, Pili koe goeroena, oelah koe toean resident atawa Gouverneur, da goeroena mah tara ngadenge som, tara ngadenge agan di sakola.
 Di mana geus eindexamen Mulo, ngoerangan lobana moerid noe koedoe ditarima, sarta noe hajang, leuwih ti noe perloe ditambahkeun, djalanna kitoe keneh bae: disamen.
 Ngarasa perloe ieu bangsa boeboek leutik dikahreupkeun, lantaran noe kieu oge hidji factor pikeun neudeus kapertajaan ka pamarentah. Kaom koering koedoe pertjaja jen pamarentah adil, tara pilih boeloe. Noe matak kabajang mah dina komisi-komisi teh tjing sing aja wakil Marhaen, pilih noe katimbang bakal bisa miloe nimbang-nimbang ageuj teu aja mah.
 Tah kitoe kabajang koering mah narima pimoerideun Mosviba teh.

Aja deui sarnepa noe djadi genah kapanasaran. Dina netepkeun soep-na ka Mosviba. aja atoran loear bisa, dina rapport disaboetkeun; behoudens bijzondere gevallen, waarin van deze maatregel kan worden afgeweken." Ari maatregel (atoeran) teh tadi di loeher disaboetkeun noe koemaha caib noe bisa ditarima.
 Koemisi henteu njeboet tjonto noe koemaha noe bis njempang tina atoran noe geus ditetepkeun. Naha noe puntenna tina roepa-roepa pangadjaran dalapan salapan, tapi tina Walanda Malajoe djeung basana sorangan, ngan lima atawa opat? Atawa lima Walanda Malajoe djeung basana sorangan genep atawa leuwih, tapi tina pangadjaran noe sedjen kroerang? Atawa tina pangadjaran Walanda, Malajoe djeung basana sorangan teu pati hade pangadjaran sedjen koelang tapi som?
 Handjakal, handjakal teu aja tjonto!

Sawadina aja kaatohan saroepe: eta koe tjotjog djeung lelembotan basa Malajoe djeung Soenda dihargaan. Noehoen lah.
 Soegan maal parotet teuing basa teh kahareup mah, Mijn bescheiden galabag af!
 Bapa Nany.

Tjoerat-tjaret.

Boeboehan sagala teu langgeng tea, ari di doenja mah, eukeur tibra pisan bees, kerek oge, tjeuk indoeng baroedak mah, mani sada Menak Djingga hajoh digoejah-goejah dihoedangkeun, madjar teh: „Meugens atoech ngoem-bar napsoe teh, sedeng hoedang!“ Hoedang sih hoedang, tapi koekoeloe-toes mah angger bae, da poegoeh Ki

Ti pipir hawoe.

Toean Stokvis di Volksraad njoehoonkeun ka kangdjeng Pamarentah soepaja boekoem „rangket koe hoe“ di leungitkeun.
 Moen teu bisa, koedoe digoenaenka ka sarerea, sing saha noe satimbang dosana djeung ki kata di P. Mandi tea.
 Teu pilih boeloe.
 Reg. Gemachtigde ngadjawab: „Ari keur teu kapanggih alesananana, (verslag Volksraad). Sok ras ka djaman nagara Eroom baheula, djaman djoeroe tenoeng. boekoem harita anoe sakitee barengsina, koemaha achirna boedak beulian anoe nasibna saketjap kadoea gaplok?
 „Hoofden van Tonggoh! Ik groot U“ tjarek Multatuli oge.
 „Hidji mangsa, arandjeun bakal diroeroeb sarta digotong-ka koeboran!
 Marhasim nanja: Saha eta nja noe paeuh teh?
 Marhaen: Ih eta euj, noe sok ngarangketa oerang tea, geuning boentoe moerag, mata sagede peureup koe karwata, ajenna mah rata bae koe taneuh.“
 Marhasim: „Alhamdoelillah“
 Gelsenjoe.

(*)

Napsun ari kana hade mah sok kaleked.
 Toeroeg-toeroeg
 Dasar sial atjan ge beunta bener, geeer tjeuktjok noe moro bagong. Mgan tjeuk saoejdaring tjarta bagong lain sabagong-bagongna. Ieu mah bagong soesoeroepan. Asalna, bedjanah poetra wali Pantja tengah. Toeloej kalangsoe bedjanah di leuweung lawang liwoeng; pinoeh koe doeroenwiksa: sirik, pidik oedjoeb ria, soem'ah, takaboer. Tina kitoeana oge bedja deui bae lila ti lila katepatan koe watekna eusina leuweung tea. Nja nepi ka mangroepa bagong. Malah dingaranan si Roda Mala. Katjatoerkeun si Roda Mala keneuh peuteukeuh hajang balik deui ka asal, da njaho tjenah kana toeroenan, tapi lingoeng tina gena sedjen alam tea. Noe matak djadi ngaroesoekkeun: ngarandjah kakebon-kebon. Bareto ge Bedjana enggeus diasroek ka luuweung-leuweung, diboro, malah sajangna naon dibaledogan; Disangka gena kaboe. Na ari djol teh atah boera bet naklenk ieu geus anakan, geus intjoear lain bae ngarandjah kebon malah bedjana djeung ngaroeksak noe toeng-goe bebonna sagala. Eta noe bisa si bedoel teh abong-abong bedoel noe toenggoe sakitoe njaho oerang si Roda Mala aja keneh tapi euweuh noe njaho bakal ngarandjah mah ongkos mah koerang koemaha ongkos geusan ngadjaga Ana boeroe-joel teh ieu matak hariwang matak risi
 hoeleng koering teh ngahoeleng mikiran: naon si Roda Maia noe matak kitoe-kitoe teuing?!

Ras inget bareto sasat rada dikakaja eh meureun-tjeuk hate bajangan. Bedjana ari bagong mah moen geus rahent sok beuki gelo
 Ajenna si Roda Mala rada ripoeh. Maloem da noe ngadjaga kebon mah djelema pinter akal, loba parabol. Lain ripoeh meumeusan. Malah mandah-mandahna, anak si Roda Mala, geus beunang digarogot; rek dikirimkeun ka Nagara

Dooka keur tongtonan soegan!
Djaba mandanna, ratos-ratos
intjoe boeojetna noe laeutik keneh,
noe ngabroel miloe ngarandjah, lauta-
rau dipaksa koe kolot-kolotna.

Maloem laeutik keneh, teg aorotet
meureun koemaha koemaha da sieuu!
Tapi tétéla kapaksa.
Eta anak anak toekang kebon tapi
teu kabeh—nja kitoe deui aja noe
geus ahir baleg, noe teu boga raras-
san,—dibuleukunana teh mani ba-
ngoeu saroeka ati. Intjoe boeojet si
Roda Mala, sakoer noe asoep kana
garogol, hajoh ditalian didjieun koe
koedan. geer ditjepretan. . . .
koemaha bae adat boedak ka sato.

Keun ari boedak, atoch noe geus
ahir baleg mah geugeuj, kcedoe bisa
ngaheda-beda, koe-oe aja toempa-
tempa, oelah sing djeprot, sing gam-
pleng.

Sok mangrisikeun koering mah. . . .
Rsi piengkesunana. Da dipahan mah
moal, tuh anak intjoe si Roda Mala
teh. Moal idinoun Robboel Alamin
Panglobana ngan oekoer dipandjara.
Risi, dimana engke baralik deui, ter-
kadung bajanganana teh leuwih ti
ajeuna. Terkadung intjoe, boeojet,
bae. nepi ka oedeg-oedeg kait
sioer sagala, dikerid peuti.
hajang males. Tjengk koering soteh
noe bodo. Noe matak kahajang oge
beda ti noe ian, da bodo tea.

Palaj oeninga kahajang koering,
kang?

**Kahajang teh Kangdjeng Toean
Besar sotjana mang ewon-ewon, sang-
kan iasa ningali koe andjeun kalakoe-
an anak toekang kebon.**

Aeh naaaa'keur njaritakeun si Roda
Mala bet make mamawa Kangdjeng
Toean Besar. Maloem, kang,
ioeloengoe! Oelah barendoe.

Ari si Roda Malana beunang? Tjengk
koering ka noe ngaraliwat. Djawabna
roepa roepa: Tjengk sawareh beunang,
moal lila ge parh, ajeuna geus saka-
rat. Tjengk sawareh: "ketah wadoel,
. ngiles. boga njoeroep ka
toeroon-toeroenanana" Ma'uh aja noe
ngimplik-ngimplikan, tjengk: tina si
Roda Mala asal loehoer, boga adjian
aneh: ana kaloeur getih, eta getihna
teh sok djadi balad manehna.
Ma'na noe bener. anging Allah
noe ceninga, sanes?

Oeninga, kang, aja oeroet cipier
didawa, lantaran neunggeulan sakitan,
. sakitan, kang. noe geus
poegoeh dossana tjengk ewet.
aueh, nja, make didawa pedah neung
geulan sakitan! Bilih teu pertjanten
mah, kang, tingali dina De Locomo-
tief tanggal 19 boelan ieu November,
3a.blad.

Djeung. nja eta tina roemasa
hodo tea, taja kanjaho soemasa
teh teu dilarang. djeung teu
woedoe kang, eta opsir Joestisi, men-
ta soepaja eta petjoet dihoekoem 3
boelan di djero boei djeung majar
ongkos perkara, sabab, tjengk, geus
tetela desana, ngarempak larangan
ewet (W. v. Str) art. 951 (al 2).
Allah teu njana, aja kang?
Noe neunggeulan sakitan!
Oeninga kang, koemaha hoekoema-
nana noe neunggeulan eu. hm
. eu. bagong?

Oeninga kang, koemaha hoekoema-
nana noe neunggeulan eu. hm
. eu. bagong?
Moen, aja soteh, moen. la-
moen!

Lah kangdjeng Toean Besar, hajang
teh seueur sotjana. sakoeliah
tanah Djawa kasotjaan.

Aeh. abong-abong loeloengoe,
bet loentjat moelang.

Aeh, kang, koering teh teu kakak,
teu tjelali, teu aro-aro atjan ka si
Roda Mala teh Toeroeg-toeroeg ka-
lakoeanana teh hina pisan. nga-
bongohan geura! Saha pidjelaemana
nana noe rek moedji, rek ugabener-
keun kana tingkah polah noe pantar
kitoe!

Da oepama waktoe keur ngabroel,
njanggereng nembongkeun sihoeng,
beledag. beledag. nepi ka
toempesss pisan, moal aja noe madjar
koemaha. Peun bae, moal aja
tjarita kosa kieu.

Ari geus dina garogol, ditalian mah
.
Mangga rek moelih mah. rai
mah bade ka dinja, metjak.
tjameti.

Abah si Entjep.

Beda getih.

Sarerea pada terang keur pongga-
wa Nagara bangsa pribomei teu atjan
aja stoeran hal pansioen. Rechtigker-
heid soemawonna keur bangsa oerang,
tjatjakan Walanda oge teu atjan bere.
Soemawonna ari keur noe keur di-
tinggalkoeun koe salaki djeung bapa
mah, lapoer pisan teu atjan, mantra-
mantra. Ari keur koelit poetih on-
man atoch aja-aja atoeran noe diso-
boet weduwe en weezenfond" tea. Sa-
sat aja arep-arep oepama diting-
galkoeun maot teh. Ari keur oerang?
Euja sok aja noe meunang tea mah,
tapi loba deui noe teu meunang. Ka-
tangtoean samasakali teu aja. Kari
koemaha tjengk pangasih bae.

Toeroeg-toeroeg sigana kana sok
more onderstand teh aja kaol denin,
njacta salaki (bapa) noe ninggalkoeun
tea geus nembongkeun gawe atawa
djasa noe loear biasa (zich bijzonder
onderscheiten).

Djadi hartina dibeda-beda: Pongga-
wa Nagara noe loear biasa djeung
noe biasa. Tangtoe pisan koe sarerea
oge karasa ka koerang adilanana. Si
pongga wa noe biasa tangtoe teu ko-
rang-koerang nohouan kana kawadji-
banana.

Ari kaloeur biasaan tea tergatoeng
kana sababaraha factor. Terkadung
kadung kaloeur biasaanana teh teu
dihadja, teu ditjileuk ti tadina tapi
kasaroeng koe hidji roepa kadjadian.
Oepamana bae dina waktoe ajeuna
keur geundjeh, bisa djadi hidji Wa-
dana atawa Tjamat tembong kaloeur
biasaanana. Doemeh kasaroeng koe
kaajaan, toer di tempat sedjen henteu
tembong, lantaran teu aja pangdjoe-
roengna kana loear biasa.

Pantes katjida oepama eta "Crete-
rium" minangka oekoeranana keur
mere atawa henteuna onderstand,
dileungitkeun.

Atoh, hal ieu koe Drg. Soejono di
Volksraad ditjaritakeun sarta dipenta
ka pamarentah oge ngaroes kawasna
ka koerang sampoernanana ka teu
pati adilanana, boektina pamondoe-
na drg. Soejono dikaboe. Directeur
Dep. Financiën geus ngarempoegan
kalawan asmara pamarentah kana
leungitna eta "Creterium".

Ngasaan. tjengk.
ngaleungitkeun perbedaan ponggawa
Nagara toeroenan menak djeung lain,
eta. teu bisa. Pokna oge noe-
roetkeun verslag dina soerat kabar.
"Echter kan men niet laten vervallen
het onderscheid tussehen adelijke en
andere Inlandsche ambtenaren."

Lakadalah! naha?
Nanja soteh, moen ieu perbedaan
moal patali djeung atoeran onderstand,
sabab ma'loem verslag dina soerat
kabar mah pondok tempo-tempo teu
pati terang. moen masih patali
djeung aloeran onderstand, naha, naon
sababna, make koedoe njoektjroek-
njoektjroek mamawa toeroenan?

Naha naon bedana Tjamat poeta
Dalem djeung Tjamat anak Marhaen?

Naha beda gawena?

Naha poeta Dalem sok leuwih ge-
tol manan anak Marhaen?

Naha poeta Dalem leuwih wani
manan anak Marhaen?

Naha poeta Dalem leuwih bisa
ngadjalankeunana pagawean manan
anak Marhaen?

Naha geureuba drg. Tjamat poeta
Dalem koedoe leuwih raos barang
toengna, leuwih ginding panganggona
manan pamadjikan dgr. Tjamat anak
Marhaen?

Naha. wah sababaraha naha.
Teu kaharti koe koering mah, Kaom
Marhaen, naon sababna noe matak
koedoe dibeda-beda.

Kapan tjengk Walanda keneh, gelijke
monniken, gelijke kappen"! Ari ieu
astaga!

Kapan tjengk hajang meunang ka-
pertjajan ti rahajat. Naha.
toeh djol deui bae. naha za-
hajah teh toeroenan menak bae kitoe?

Naha atoeran noe kieu koe rahajat
teh disangka moal karasa, moal ka-
tjoektjroek ka koerang adilanana?

Koedoe ngeunah koe atoeran kitoe?

Koedoe pertjaja ka noe njieun atoe-
ranana?

Koedoe pertjaja? Mangga teh teu-
ing, asal koedoe kadeuleu, koedoe
karasa, koedoe jakin kakoedoeanana
pertjaja:

Oepama baheula djaman tjatjing
doea sadoeit, ngadjalankeun atoeran
kitoe moal aja noe ngaharoe biroe.

Djaman ajeuna mah djaman somah
moerba, pirakoe.

Drg. Soejono, menak, Dalem ma-

lah, geus ngarasa perloena leungit
perbedaan, komo Marhaen mah!
Pancehoes oelah njandik eloa doea
atanapi sisor doea, hidji ogo.
kedah hidji.

Karakter, ontwikkeling, wetenschap
en kunst zijn de adelsbrieven van
dezen tijd.

Es.

Zittinggeld gecomit- teerden.

Raad kaboepaten tjengk bedja mah
kabeh dina begrootingna pikeun ta-
oen 1927 pada ngantjokeun doeit ke ar
elid-elid djeung gecomitteerden. Ari
kaperloeanana njasta minangka pa-
meuli kadaek djeung katjapean. Toer-
ta teu gede-gede teuing, djeung oepa-
mana dipikir meh dihaben, teu na-
ribangan kana pagaweanana noe
didjalankeun koe maranehanana.

Oenggal raad beda-beda, noeroetkeun
koemaha timbanganana. Garoet be-
djana zittinggeld keur elid elid f 5,
keur gecomitteerden f 10 dina sa-
kali koempoelan. Bandoeng noeroet-
keun tjarka leuwih gede.

Buh dina regentschapsordonantie,
boh dina instellingsordonantie, hal zit-
tinggeld teu aja katangtoeanana. Hen-
teu aja artikel noe nitah ngajakeun,
henteu aja noe njaram.

Panggarajakanana doeit dika be-
grooting pantes, lantaran kitoe ilahar-
na. Kapan lain Volksraad oge meunang
zittinggeld? Lain gemeenteraad - ge-
meenteraad oge nja kitoe keneh, nja
di dieu, nja di Nagri?

Tapi ajeuna bedjana, bet aja kabar
ti Gedepueterden, zittinggeld teh ari
pikeun gecomitteerden mah, moal
diidinan, lantaran pamarentah teu pa-
noedjoe. Malah aja raad kaboepaten
noe meunang "venk" (isarah) soepaja
voorzitter zittinggeld gecomitteerden
ditarik kombali.

Rada teu ngarti. Bet asa aneh.
Aneh oepama dibandingkeun djeung
noe sedjen. Geura bae djeung weth-
houders di gemeenten, noe minangka
gecomitteerden di raad kaboepaten
noe pagaweanana saroea pada ngad-
jalankeun pagawean raad sapopoé.

Naha ari wethouders mah make
dibere toelage? Wethouders Batawi
tiroe ratoes sewang saboeelan, wethou-
ders Soerabaya opat ratoes sewang.
Bener lain zittinggeld tea mah, tapi
toeh aja: Oepama abong mere zitting-
geld obah bae atoch koe toelage. Oe-
lah bet oedjoe-oedjoeu teu meunang.
Rasa koering oepama keukeuh teu
kawidjan, tangtoe oenggal raad moal
tjitiinggeun. Tjatjakan ajeuna kakara
ngamitjan geus loba gawena. Firakoe
ari koedoe pere bae mah.

Raad Kaboepaten.

Red. Sipatahoenan parantos nampi
ti Raad Kaboepaten Garoet rarantjah
robahan ngatoer perkara make tanah
Gewest Pranger Rogantschappen
djeung vrij Staatsdomein, noe dieroes
koe gewest sarta sewaaanana.

Ti Raad Kaboepaten Tasikmalaja
nampi Reglement mere ongkos djalan
djeung ngandjrek ka leden Raad Ka-
boepaten Tasikmalaja Red. hatoeur
noehoen!

Pasoendan Paroeng.

Waktos andjang sono ping 13 No-
vember 1926. Djoeragan - djoeragan
ti barang siri koering dongkap ka
dieu, teu welch-welch mikiran, koe-
maha pidjalaneunana geusan neangan
pangbelat aja di dieu, soepaja bisa
hiroep saeojenan, babarengan hiroep
koempoeh.

1. Koempoelan maen bal.
Noe pangheulana dongkap kana
zereteging hate, pidjalaneun panarik
hate ka Djoeragan - djoeragan sioe
resap kana maen bal, margi meh sa-
dajana noe aranom, malah aja oge
sapalih sepoeh, anoe mitjinta, nja tina
ngudeg koempoelan maen bal, pa-
rartos salaoen lamina.

2. Pangadjaran Agama.
Nilik deui, jen kaamanan lemboer,
kaamanan hiroep reugreugna hate,
kawoeuoh memang anoe djadi ka-
wadjiban nomer hidjina pisan, baris
hiroep koempoeh teh, nja koe ajana
pangadjaran Agama, minangka ma-
drasahna, boh keur baroedak, atawa
keur sepoeh.

Hal ieu teu woedoe oge rada repot

dihtiarkeunana, kawantoe siri koering
djelema anjar pisan, mana mikir:
tempatna, bahanna, pigeoroenana,
pikeun kuhiroepan goeroena sareng
kaperloean anoe sanesna. Moegi moegi
bae ieu Madrasah teh, oelah aja ha-
langun-haroeanganana, sing bisa nan-
djoeng pandjang oemoerna, bisa ga-
doeh tempat sakoemaha anoe dimak-
soed, da ari bahan-bahanna mah,
parantos sadia, moeng tinggal piong-
koeunana bae, siri koering pertjan-
ten, ngoeping gerentesna dilemboer
lemboer, asa tebih ka'na teu hasil teh,
dapon leukeun.

3. Neangan baraja.

Djalan anoe katiloe, anoe pangper-
loena pisan, malah mah didjalankeu-
nana sameneh, nomer hidji nomer
doea, anoe kedah dilakonan koe sabar
tea, saoe sepoeh "nini koeleu,
aki koeleu; lamoen leukeun
tangtoe keuna", nja eta koe
sering loentang-lantoeung ka pilem-
boeran, nepangan tatangga desa, ne-
angan pibarajateun, anoe katimbang
pitiasaun diudjak hiroep koempoeh,
babarengan ngalaksanakeun sakaha-
jang. Ieu gede pisan goenana ka
oenggal oenggal djelema, margi tina
sering kapendak djadi wawoeh, djadi
tjougah, djadi baraja, djadi.
djadi.

4. Andjang sono.

Koe djalan ieu andjang sono, nja
eta hambalan anoe kaopat, siri koe
ring hatoeur rewoe - rewoe noehoen,
hate siri koering katjida pertjantenna
nugal Djoeragan - djoeragan kersa di-
aljak ririoengan kieu, minangka an-
djang sono, doeka saminggoe sakali,
atanapi doea minggoe sakali. Doepi
maksadna ieu ririoengan. Kieu teh,
sakoemaha anoe parantos dibadam-
keun dina ririoengan-riengan andjang
sono kapoengkoer, babakoena pisan
soepados tiasa hiroep koempoeh, ma-
lah mandar kapajoen tiasa medurkeun
kamoeulian manah masing - masing
kanggoo soesoegoelna ieu ririoengan.
Soemawonten oepami doegi ka tiasa
dianggo soesoegoeh ka anoe sanes.
(kaperloean oemoem M. K. A.)

Ajeuna koe djalan dina hambalan
ka 1, 2, 3 sareng 4 teh, noe parantos
kadjulanana, teu kinten matak senang-
na, mustak boengahna mani boeng-
gang boemi alam, gede hate siri
koering, tetela jen koe djalan kieu
teh, laoen-laoen oerang tiasa njoem-
ponan naon-naon anoe dikandoeng
dina hate, babakoena geusan tanda
(tjiri), naon oesaha oerang; naon goe-
na oerang naon tapak oerang; mana
kanjauh oerang. salamina
aja didieu: sadjabina tina gawe anoe
babakoeu teh, oge pirakoe ari teu aja
tempo bae mah, pirakoe dina sadin-
teu sawengi, 24 djam digawe bae
mah, pirakoe teu aja reureuhna. eta
mah bohong bae, njeboet teu aja tem-
po teh, balas koe nganggore. Na,
jaktos dina saminggoe, 7 dinten, teu
aja reureuhna? sanes moeng 6 dinten
didamel anoe saminggoe teh? Aja
sadinnten dina saminggoe, anoe perloe
dianggo oesaha sanes.

Siri koering terang, jen di dieu
teh tempat Batawi Cra (Malajoe Ora),
nanging ari kaajaan basa-basana mah,
kenging disebatkeun rata ratana (seu-
seueurna) mah Soenda, kitoe deui
memang teu bade misah - misahkeun
basn, nudjan basa Malajoe, nudjan
basa Soenda, da djelemana mah per-
loe saeojenan, da anoe diarah mah
sangkan bisa hiroep koempoeh tea.

Tina seep-seep kapertjantenan hate,
ningal sokieu matak rugabna, koe-
maha oepami oerang mapaj - mapaj,
naon anoe bade dilaskeun kedah
dihtiarkeun koe oerang teh, mana
noe dit-edjoe, koemaha maksoed oer-
ang, mapaj tandjakar anoe kamana
brasua?

Ladjeng maos toedjoean Pasoendan,
disarengan koe katerangan-kateranga-
nana.

Barang sadajana moefakat kana
toedjoean Pasoendan, ladjeng diaja-
ken pangoroos sahenlaanan:
Kartaatmadja President.
Soerjo Secretaris.
Martaatmadja Penningmeester.
Badroedin Commissaris.
Sarjini

Hadji Imi
Commissaris noe sanes bade dilari
heula.

Namoeng koe margi katimbang
ngahidji sareng tjabang Bogor, nja
harita moetoeskeun jen djadi kringna
Pasoendan Bogor.

Contributie, saheulaanan dianggo
kaperloean Pasoendan Paroeng bae,
panghandapna 10 sen, kaloesoerna

teu ditangtoskeun.

Batjann Pasoendan Paroeng.

1. Somah Moerba, diparinkeun
gratis ka lid anoe majar contributiena
pangsaetikna 35 sen. Noe kirang
disajjagan tamboeun.

2. Sipataboeun, sameneh Pasoen-
dan langganan, disajjagan namboet
noe Djoeragan Oewang Anggasapoetra.

3. Bintang Timoer, kenging nam-
boet noe Djoeragan Sarjini

Kapajoen baris diajan tempat ba-
tjann.

Club bal Pasoendan Paroeng.

Koe margi pangoroosna, ledenna
club bal, sadajana aja dina ieu rioe-
ngan, soepanten djadi kaentangan ka
oerang, perloe dihidjikeun bae.

Pangoroosna dipasrahkeun ka af-
deeling club bal Pasoendan.

Madrasah Pasoendan Paroeng.

Ieu oge kenging disebatkeun anoe
didaramelna teh aja dina golongan
ieu ririoengan, kawoeuoh nja ieu anoe
djadi pananggeulanana pisan, panoe-
hoen soepados dihidjikeun deui bae.

Pangoroosna dipasrahkeun ka af-
deeling Madrasah Pasoendan.

Koe margi sajeuna eta Madrasah
Pasoendan teh nembu eungkeut-eung-
keut oerang kedah enggal-enggal
njoehoeneun ka Pamarentah.

Kitoe deui koe margi tempatna teu
atjan aja, (di masjid keneh M. K.
A.) nanging tempatna (tanah), piba-
haneeunana: baluk, awi, hateup, bilik,
papau paratos pitjakepeun, moeng
kanteun piengkoesunana bae, engke
separantosna beres kaperloean mas-
djid Depok anoe ajeuna keur dioesa-
hakeun, keneh. ti harita oerang ngi-
lari piengkoesan teh, njacta koe ngi-
derkeun derma.

Diterangkeun Djoeragan Wadana
soepados mendak djalan, kanggo ng-
ngkosan goeroena, meuli kaperloean
eta Madrasah teh, tina kaentoengan-
kaentoengan paesahan Pasoendan.

Koe margi eta, koe ajana ieu Pa-
soendan, malah mandar tjara koem-
poelan "Sdamoekti", di Banten, tiasa
ngongkosan sakola desana.

Contributie ngawitan 1 December
1926.

Harita noe lebat 35 djelema.

Kapajoen baris ngajakeun propa-
ganda vergadering.

Baris disadiakeun oebar - oebar
anoe perloe, baris noeloeng saheulaan
ka noe gering. Noe piangoeroesun
parantos aja noe sanggoep.

Moegi-moegi Pasoendan Paroeng
sing pandjang oemoerna ditebikkeun
tina halangan - halangan, sing tiasa
njoemponan naon-naon anoe dimak-
soed. Amin! Amin: Amin!

Kalawan namina Pasoendan
Paroeng
Kartaatmadja
President
Soerjo
Secretaris.

Aridjol kabar noe kieu, mani neut
asana hiroep deui pagharepan. Ari
ngeng bedja ti sedjen tempat, koela-
pea. Naha oerang teh kitoe rek lep-
djoel bae saeomoer-oemoer? Nendjo-
keun organ batoeur mah saban kaloe-
ar aja verslag poudek koempoelan
tjabang-tjabangna. Ieu mah dina
"Semah Moerba" teu aja, "dina
Sipatahoenan" sepi. Hiroep pagoe-
joean oerang mah djoeuh tina le-
vendig tina opgewekt.

Kadeuleuna euweuh pisan band na,
euweuh patalina hoofdbestuur djeung
tjabang teh.

Rek ngarantep andjeun bae kitoe?

Red.

Pangadjaran baroedak awewe Pribomei.

Ieu perkawisa parantos sering pisan
ditjaritakeunana boh dina vergadering
boh dina serat-serat kabar sareng
seuseueurna mah ajeuna sepoeh sepoeh
teh parantos ngaroes, jen perloe ba-
roedak awewe oge kedah pinter sa-
nadjan awewe mah moal djadi tjamat.
Ngan bilih bae aja sepoeh noe njako-
lakeun poetrana istri teh, meh kaba-
oed bae koe sanes, margi noe sanes
oge njakolakeun tajoh miloe deui nja-
kolakeun sakitoe bejaran sakola di
H. I. S. ajeuna sakitoe mahalna.

Ari djisim koering gadoeh ingetan
kieu noe mawi anak koering awewe
oepama bisa mah koedoe tjoetjoed
sakolana lamoen diparengkeun koe
noe Agoeng boelakna bisa sareng dji-
sim koering koekat ngongkosanana. Ie.
Kawadjiban koering noe djadi bapa

boektina henten.

46. Oepama eta boedak awewe ne pi ka di serahkeun koe salakina, ma loem tea bae geuning di oerang mah sok aja noe njeboet lalaki mah w nang tapi ari awewe mah tjan poegoh oge salahna ragrag bae talak salakina hidji. Tah noe malak koering mah hajang rada dikalohoeurkeun oge, martatana awewe teh, nja eta inget ka anak sorangan meureun ehentou na maal ngeunah noe djadi bapa nendjo anakna disapirakeun koe salakina. Komo deui oepama eta anak awewe teh diserahkeun koe salakina lantaran noe djadi salaki geus teu bogoh, da geus goreng patoet, lalaki mah bisa neangan deui noe sedjen. Geuning roa ajeuna awewe geus kolot diserahkeun, doeka salahna mah, da tara tetelepep toenjeu tana ka na oeroesan tafoer. Komo moen di serahkeunana teh geus reuaj anak, beu beuki nalangna bae meureun awewe teh. Pajoe deui lakian maal, da geus toena roepa. Tah ari boga pangarti mah soegan bisa koei-koei, neangan keur dahar tamba langlajeu seun. Soegan teu koedoe njeosahkeun baraja atawa meosapir di sisi djalana.

56. Dina noe djadi salaki pondok oemoer, binggalkou anak djeung pangaboga teh oepama aja kitoe soteh meureun bisa ngoeroesna maal toeloj beak dipake teu poegoh. Oepama taja titinggal salaki nja meureun bisa balangsar koe djalana noe henteu hina (masi'at) pikeun hakan sorangan djeung anak. Noe matak tjeuk koering mah boedak awewe teh sakolakeun sina pinter celah dibeda-beda djeung boedak lalaki. Sing njato kana kaperloean awewe, economie wetenschap noe sedjen oge sing bisa. Tah sakitoe pikiran koering mah noe pondok pikir heureut pakeun, soegan aja tambahaneunna oepama beunang mah djarah, tambahaneun koe loeangna, koe pamanggihna noe palinter, noe langkoeng oeninga batan koering.

Gr.

Verslag Raad Kaboepaten, Provincie sareng Volksraad,

Ningal dina Sipatahoenan anoe parantos parantos, seueur pisan nerangkeun verslag-verslag R. K. habakoena kaajaan R. K. Tasikmalaja noe pangseueurna mah, Tjiamis, Garoet sareng Tjandjoer. Katjida pikeun sim koering mah pandoedjoeta, doegi ka saeuning verslag dilebetkeun sadajana ti Tasik mah. Namoeng roepina oepami ti sadajana R. K. anoe 18 tea, pada merloekou deui ngintou verslagna, eueuh sok tada teuing tjeulahna, pineeh koe verslag R. K. woengkoel.

Kantunan memang damelna mah ageung pisan, moeng koemaha roepina koe verslag hidji R. K. bae oge, parantos njepekeun tempat karangan-karangan anoe sanes, kawoewoeh anan Sipatahoenan teh moeng saminggoe sakali kaloearna.

Heug ajeuna keur oesoem riboet dimana mana panginten Djoeragan-djoeragan anoe maos Sip. ngantoungantoungantoung, sanes?

Koe margi eta, pandoehoeu sareng sanget, moegi Djoeragan - djoeragan Redactie Sip. kersa maparia katarangan ieu timbangan.

1. Verslag R. K. moegi anoe dilebetkeun teh anoe penting-pentingna bae.

2. Moega oesaha soepados ti 18 R. K. tiasa nampi verslagna anoe ringkes sareng penting-pentingna bae (ti Bogor sanggoep M. K. A.).

3. Ti Provincie.

4. Ti Volksraad.

Djadi engke Sip. teh tiasa diaos di oenggal-oenggal R. K. Provincie sareng Volksraad. Tiasa dieusian koe kaperloean R. K. anoe pararentingna bae.

Teu atjan lami Sip. dikintou ka oenggal-oenggal lid R. K. Noehon! moegi-moegi djoeragan-djoeragan leden anoe nampi eta Sip. teh. loontoer manah kersa nareraskeun langganan. Ka noe benten atjan nampi moegi-moegi dikintouan (3 raad).

(Sim koering ti ngawitan aja Sip. teu atjan liren, moeng bae sanes adresna, dimana sim koering pindah, eta adres mah teras bae, sim koering ngadamel deui adres anjer. Malah ti ajeuna, njeohoeunkeun dikintou Sip. anoe adresna Pasoendan Paroeng, halte Depok.

Sip. anoe adresna M. Kartaatmadja lid R. K. Bogor (pertjintaan). koe sim

koering difrancoan ka Tjilimees, Koeningan M. K. A.).

Moedji rewoe-rewoe noehon R. K. noe parantos ngalabetan Advertentie dina Sip. Koemaha R. K. noe sanes, naha maal bae njeombang kana biroepna ieu Sip. teh? Pirakoe

Djoeragan-djoeragan! Sip. serat kabarna oerang Soenda. Saha noe kedah ngamadjengkeun?

Pirakoe ari kagoengan manah, soepados oerang Soenda celah madjeng mah! Ba'id.

Koemaha atoeh soepados madjeng? Oepami Djoeragan-djoeragan anoe disebut Djoeragan tea, teu emost ka diuja, nja lapoer.

Komo deui, Djoeragan - djoeragan anoe djadi lid R. K. nja eta wawakil ti somahan, dipilih koe somah, dipertjanten koe somah, diwadjibkeun koe somah, ka noe tebih diongkosan koe somah, seepados njeomponan naon-naon anoe diwadjibkeun.

Djadi oepami koe djoeragan-djoeragan dimanah, anoe djadi lid teh, teu kinten abotna, geura:

Hidji Kiesman nanggoeng (dipilih koe) 500 djelema.

Hidji lid diwakilkeun koe 70 Kiesman, oepami, djadi tanggoenganana 70 X 500 djelema 35000 djelema. Naha teu abot?

Kantunan bae enteng soteh ka djelema anoe moeng djadina lid teh, djelema bae, alot soteh ka djelema anoe djadina lid tea nanggoeng eta kaabotan.

Eta kaabotan, roepina tiasa oge aja kaentanganana oepami sadajana lid-lid tea, sasarengan di damel, naon anoe djadi kaabotan oerang rempoeg saarengan.

Djalanna:

Leden dioenggal R. K. ririoengan (samemeh kempelan R. K. wengina ngadamel voorvergadering M. K. A.). Naon anoe katimbang abot koe hidji Raad, menta dibutoe ka Raad anoe sanes.

Mulo Tasik, dimoefakatan koe R. K. Tasik, Tjiamis, Garoet.

Tjebi oepami sagala kaabotan, hajoh dirempoeg koe oenggal Raad, silih bedjaan, silih toeloengan, silih bantoean, sok tada teuing reugreugos, siga didamel sasarengan teh.

Dimana silih bedjaanana? Di dieu bae dina Sip.

Komo oepama djoeragan-djoeragan leden Provincie kersa roeroempahoeun maparinan kataranganana dina ieu Sip. verslag pondokna, naon - naon anoe penting, anoe ditjarikeun koe arandjeunna sok pisakoemahaen!

Djadi engke leden R. K. sareng anoe milihna tea (rahajat), tiasa terang saeutik-eutikeun anoe pararenting di Raad Provincie.

Komo deui, oepami poetoesan-poetoesan di Volksraad anoe parenting-penting, tiasa dilebetkeun dina ieu Sip., sok tada teuing raroesan diharagaanana ieu Sip. koe oerang Pasoendan, rehna tiasa njeomponan pangaboetoesna, anoe pangperloe-perloena.

M. Kartaatmadja, lid R. K. Bogor.

Di Tasik salamina ge kitoe.

Red.

Keur djrg. lid Raad Kaboepaten noe tjan oeninga.

Dina soerat kabar Walanda aja bedja, ajeuna aja ordonantie pikeun leden djeung leden college noe ngadalankeun pagawean sapopoé tina sakabeh lokale raden. Koe eta ordonantie ditangtoekou, elid - elid diperekeun tina herdines (heerendienst).

Loemajan!

Gandjaran noe kersa ibadah! Sing beuki getol bae ibadahna, oelah kalaka ingkig!

Steuncomite di Tasikmalaja

Dina malem Ahad tanggal 20 hoolan November di kaboepaten Tasikmalaja aja koempoelan sakabeh prijadi kota djéang leuar kota noe kabeneran aja di kota.

Makoedna koempoelan nja eta njeun komite rek ngoempoelbeun doelt, geusan neoloug noe katinggal maot koe ponggawa Nagara dina karoesehan ajeuna.

Noe djadi Voorzitterna Kangdjeng Dalem, Secretaris djoeragan Patih, penningmeesterna djoeragan Panghoeloe. Ledenna bangsa prijadi djeung

Tionng Hwa. (leden raad kaboepaten djeung Wijkmeester).

Ngajakeunna doelt rek koe djalana sirkoeir bae, lantaran waktou ieu teu aja djalana sedjen.

Comite ngahadja henteu ngajakeun sirkoeir djoedoel ka rahajat, tina beubeunanganana keur ponggawa nagara, toeroeg-toeroeg bisi aja saugka dikooedoeun. Parandene kitoe sing saba noe aja treana, niat noeloug, tangtoe teu aja halanganana sarta gede leutik tangtoe ditarimakeun pisan.

Ari noe nampuna doelt djrg. penningmeesterna, atawa bisa oge boh dipasrahkeun ka Loerah atawa djrg. Tjamatna, boh ka djrg. Wadana noe ngabawah ka noe rek sidekah tea.

Pikiran.

Roepi-roepi hal.

Ngoeping wartos pertjanteneun, di dessa Pamalajan, lemboer koering, bakal diajaan sakola „Vervolg.“ Sembah noehon!

Tina bak sakola Pamalajan mokaha madjeng oge, aja:

- 1 sakola dessa (njampak)
- 1 agama (anjar)
- 1 Vervolg (bakal)

Njakitae deui tina bab tatanen, pangstoes. Dioeroes koe noe ti pajoen koe ngajakeun pertjebian, habakoena hal miara kalapa.

Bako Pamalajan ras, jaktoe!

Doega-moega kapajoen, soegan karoemoeran, tina bab doegoeng-dagang djadi tambah.

Samemeh eta hajang ngomean heula soegri solokan noe ngotjoran sawah sawah di dessa Pamalajan.

Kawas pisan noe agoel koe lemboer, nja?

Jaktos, roemaos!

Pasoendan afd. Tjiamis parantos oesaha (ngiring oesaha) ngajakeun sakola. Sakolana diwastan „H. I. S. Galoeh“, tempatna di kotta. Pangestoe:

Seueurna moerid dina nembean (dintenan) moeka nja eta ping 1 Agustus 1925, aja 19 siki. Ajeuna dinten ieu aja 83. Madjeng oge, tjatik tjatik! Soemawonten noemoetkeun nomer stamboekna mah parantos aja 108. Sapalih kaloewar, lantaran pindah sakola, sapalih deui aja noe ngarasa abot teuing bajaranana di a. t. Ma'loem doenja, koelan, sok aja-aja bae:

„Daek“ is het wachtwoord keur Pasoendan.

Tina hal kariboetan malem Saptoe ping 13 esasih ieu November 1926 koering teu tiasa paos tjomarjos. Ngan bae noe kakoeing koe koering (oerang tepis wiring): „Oeatong harita Pagoesten njarang“, (fig) aja roesoeh, soemoehoen; aja karaman, euja; aja noe maot, jaktoe; aja noe ngaler, aja noe njeompoet.

Tjek oedjaring tjarija noe kening dipertjaja danget-danget ieu parantos aja ± 140 noe ditahan di boei.

Maaja Allah, djoeragan! Reuwias kareureuhnakenn. Teu goegoer-teu angin, Oedjoeg oedjoeg: „Djedor bae aja“

Aja samboenganana.

K A B A R

Tina s. k. Walanda.

Kariboetan Koeminis dina minggoe ieu beuki ngoerangan. Di oenggal-oenggal karesidenan leider-leider Koeminis keur dipariksa rek diboe ang ka Nieuw Guinea.

Kijai Nawawi di Tjaringin ditangkep dibawa ka Batawi, lantaran disangka tjampoer kana pemberontakan. Ieu Kijai di Banten mah katjida dipoen-djoeng-poendjoengna sarta diseboetna oge Kijai Ageng.

Kg. Dalem Pandeglang perlop tiloe boelan, lantaran katjida riboetna. Soerat-soerat kabar Walanda njalahkeun ka Kg. Dalem Pandeglang tina perkara kariboetan, lantaran Kg. Dalem laporan ka Residen Banten, jen di Pandeglang repeh.

Boekharin leider Koeminis di Roelian njarita dina vergadering Comintern, jen Communistische Internationale rek meoloug ka kaom boeroeh djeung kaom tani noe berontak di Hindia.

Mr. Dr. Talma Voorzitter Suiker-syndicaat euren. Aja hedja pigantieuunana Mr. Dr. Schumann.

Parlement di Djepang siga-sigana rek dipotjot (ontbinding)

President Amerika Sarikat, Coolidge, siga-sigana boga niat rek ngrim balad ka Tiongkok pikeun merangan Tiongkok babarengan djeung karadjaan-karadjaan sedjen.

Oerang Arab noe dina waktou kariboetan di Hedjaz laloempatan ka Hindia ajeuna rek maroelang deui ka nagarana.

Di Bolsang Mongodouw (Minahassa, Celebes) aja kariboetan kaom Koeminis. Assistent Resident djeung 10 mobil poelisi dinar mangkat ka tempat roeroeh. Poelisi, nangkop 3 koeminis Vangobol, Dachlan djeung Taha.

Hidji koprul bangsa Menado di Weltevreden ngamoek geus maehan opat djelema nja eta: hidji sersan Menado hidji koprul Menado, Commissaris Dijkstra djeung T. Leisen.

Bestuur „Pasoendan“ nampa serat ti Directoer O. en E. jen njeohoeunkeun widi sareng soepibi anggoeun ngadegkeun sakola Mulo partikoeir di Tasikmalaja henteu diwidian (Soerat Dir. O. en E. dd. 24 November 1926 No. E 16/12/17.

TECELFABRIEK

„N A J A“

Goenoengabulah

TASIKMALAJA.

Midamel roepi-roepi tegel, pangaoe sareng kakiatan ditanggel ngabingahkeun.

Oegi midamel gambar boemi (bouw teekening), pangaoe tiasa badanten).

24 Directeur.

COIFFEUR

B. OETIH

Toekang maras

Djadjawai Tasikmalaja.

Parantos njajagikeun medja ti-olet anoe anjar endah pisan, padamelan resik sareng parantos aja knecht anoe piuter. Masing emoet oelah letar artos saeutik noe didjagi kawarasan. Roa kadjantenan anoe ditjoekoer koe noe kirang apik ngadjaunteun tjiluka salira. Mangga saroeumping.

Noe ngantos

B. OETIH

19 Tjaket Soos. K. M. Tasikmalaja

ADRES noe parantos KASOBOR
DAHJAN
Toekang Mas Koemah 18
TASIKMALAJA.
Ngitjalkeun roepi-roepi perhiasan tina mas sareng perak, damelan pribados, sareng nampi padamelan sapertos: Ngadamel pending (band) pinggal penti, soember, lilipen, padamelan ditanggel sae sareng enggal.
Djabi ti eta ngitjal roepi-roepi ledji sakoe, eridji tangas, wrekker, dompet alpaka model anjar sareng seueur-seueur deui perhiasan mangga djoeragan-djoeragan enggal saroeumping soepados kaealinga.
Tina Teutoestelling Tasikmalaja parantos keuing:
EEREDIPLOMA MEDALI
MAS.

Sajagi kareta mesin
Merk SIMPLEX
Auto banden:
Michelin, Goodyear
Dunlop.
Prabot auto.
Inditna auto bus (di pajoeunna toko Beng).
Ka Garoet poekoel 7 endjing.
Ka Tjikidjing-poekoel 7 endjing.
Ka Karangoenggal poekoel 7 sareng poekoel 10.
Ka Bandjar poekoel 7 sareng poekoel 12.
Autobus dienst
Tasikmalaja
Tel. No. 2.

KLEERMAKER
M. HOESER
KIDOEL STATION
TASIKMALAJA.
Nampi padamelan roepi-roepi anggoan, ditanggel sae, pangaoe mirah.

Toko en Drukkerij Pasoendan
Tasikmalaja.
Ngitjal saniskanten boeko pangadjaran sakola sakola sareng asosan sepeoh anom.
Nemte medal wawatjan Angling darma f 1.75
Nji S.ri Kingkie f 0.32
Poetri toedjoeh balobat f 0.60
Neng Hajani f 0.50
Parimbob sepeoh f 0.15
Biantara Democratie f 0.12
Batarasama 3 djilid f 1.50
Arjoena Laras Konda f 0.75
Minjak mcestika f 1.-
100 Kwitantie sakola f 0.60
(model paling enggal).
Djabi ongkos ngitoekeun.

Milari langganan
B. BARLI
Toekang Kopjah
Pasar Baroe Bandoeng.
Oendjoek oeninga ka sadajana djoeragan-djoeragan adres anoe di loehoer teu dina waktou ieu nembe moeka winkel Kopjah, Special ngitjal Kopjah kange itjaleun deui, koe margi eta mangga djoeragan-djoeragan njoblan langganan ka dijilim abdi pangaoe sareng padamelan ditanggel mirah sareng aae.
Njajagikeun kopjah anoe tiasa enggal padjeng koemargi midamelna soeroet sakomaha model ajeuna sapertos: Kopjah boelodros boeloe anoe roepi-roepi kleur sapertos, aboe-aboe, hedjo loekoet, kopi, hieung s.a.t. Kopjah boelodros hieung roepi-roepi model, kopjah Padang soetra sareng Padang Katoen.
Sateu atjanna ngitjaten serat pesanan, njoblan heula moendot priksourant.